


NYC

Bill de Blasio
Mayor

Human Resources
Administration
Department of
Social Services

Steven Banks
Commissioner



SÈVIS HRA POU
**VETERAN FÒS
LAME YO**

NYC Human Resources
Administration
Department of
Social Services

 Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration) Vil New York gen anpil sèvis pou veteran yo; eleman ki nan Sèvis Aktif, nan Lagad Nasyonal ak Rezèv; ak fanmi yo. Anplis avantaj tankou Pwogram Èd Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program), sipò pou lojman, èd medikal, èd avèk sipò timoun, ak lòt sèvis, nou kapab konekte ou avèk avantaj federal ou ka kalifye pou resevwa gras ak sèvis ou nan fòs lame.

SANT TRAVAY MICHAEL J. HANDY VETERANS

Sant Travay Michael J. Handy Veterans nan anba-lavil Brooklyn nan 25 Chapel Street, 7yèm etaj. Sant lan ede konekte veteran yo ak fanmi yo avèk anpil kalite avantaj, tankou:

- Èd Lajan Kach (Cash Assistance) ak referans nan pwogram travay ak fòmasyon
- Pwogram Èd Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) (ki te rele Koupon pou Achte Manje anvan)
- Èd pou aplike pou avantaj Revni Sekirite Sosyal (Social Security Income, SSI)
- Referans nan Avantaj Federal Veteran ak nan lòt sèvis
- Èd pou lojman, tankou depo lwaye ak depo garanti yo bay koupon sibvansyon Lojman ak Devlopman Iben – Lojman Sipò nan Afè Veteran (Housing and Urban Development – Veterans’ Affairs Supportive Housing, HUD-VASH) ak lòt pwogram koupon/sibvansyon
- Referans nan Biwo Egzekisyon Sipò Timoun (Office of Child Support Enforcement) pou ede ou avèk dosye sipò timoun ou

Sant Travay Michael J. Handy Veterans ap fonksyone nan yon lokal ki bon pou ou nan menm bilding avèk Brooklyn Vet Center, ki bay anpil kalite sèvis pou veteran yo, ak Brooklyn VA Multi-Service Center.

Kontakte Sant Travay Michael J. Handy Veterans nan nimewo 718-473-8318.

LOJMAN POU VETERAN YO

HRA patisipe nan Task Force Veteran Vil New York avèk yon kantite ajans Vil la ak lòt gwoup, tankou Depatman Sèvis pou Sanzabri (Department of Homeless Services) ak Biwo Majistra a pou Afè Veteran (Mayor’s Office of Veterans’ Affairs). Gwoup Travay la ap travay avèk pou kowòdone sèvis Vil la, sèvis Eta a, sèvis federal yo ak lòt sèvis pou mete yon pwen final nan sityasyon sanzabri veteran yo epitou pou ede yo veteran yo jwenn lojman pèmanan oswa pou yo rete lakay yo san pwoblèm.

Pou jwenn èd pou lojman pèmanan, tanpri rele 311.

AVANTAJ SANTE

Lè ou se yon veteran, ou gen posiblite konsènan avantaj sante. Si ou poko enskri nan swen sante VA, ou kapab aplike sou entènèt sou sitwèb www.va.gov. Swen sante VA ba ou aksè nan sèvis yo pou yon ti pri oswa gratis nan anpil kalite sant medikal veteran yo. Ou kapab melanje pwoteksyon VA ou avèk lòt fòm asirans sante prive oswa piblik.

Si ou vle aplike pou asirans sante piblik epi si ou gen laj 65 ane oswa plis oswa si ou bezwen Medicaid akòz yon andikap oswa paske ou avèk, ou kapab aplike nan HRA. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele nimewo 1-888-692-6116 oswa ale sou sitwèb www.nyc.gov/hra.

Fanm ansent ki pa touche ase revni, timoun ak adilt ki poko gen laj 65 ane dwe aplike pou pwoteksyon nan mache plan sante Eta

New York, New York State of Health, kote ou kapab jwenn avantaj Medicaid, Child Health Plus ak asirans prive ki sibvansyone. Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou aplike, ale sou sitwèb www.nystateofhealth.ny.gov oswa rele nimewo 1-855-355-5777.

V

Biwo Egzekisyon Sipò Timoun (Office of Child Support Enforcement, OCSE) HRA fè sansibilizasyon souvan pou veteran yo ak pèsònèl aktif fòs lame ki swa se paran k ap viv avèk timoun oswa paran ki p ap viv avèk timoun pou bay yo enfòmasyon sou sèvis sipò timoun ki disponib pou yo. OCSE konsidere timoun yo anvan lè li ede paran yo bay bonè ekonomik ak sosyal, sante ak estabilite pou pitit yo. OCSE ede paran ki p ap viv avèk timoun yo tou avèk modifikasyon lòd sipò pitit yo, pou bay yo èd pou peye aryere sipò timoun, epitou pou yo bay èd pou yo jwenn travay ak referans nan sèvis tankou medyasyon.

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Liy Èd Sipò Timoun nan nimewo 888-208-4485 oswa ale sou sitwèb www.nyc.gov/hra/ocse.



LÒT SÈVIS

HRA gen anpil lòt pwogram ki ta ka ede veteran ki bezwen:

- **Administrasyon Sèvis pou Moun ki Gen VIH/SIDA (HIV/AIDS Services Administration, HASA)** ofri jesyon dosye, èd pou lojman ak lòt sèvis pou moun New York ki gen VIH.
- **Sèvis Pwoteksyon Adilt (Adult Protective Services, APS)** ede adilt ki arisk pou gen twoub fizik ak/oswa twoub mantal, ki pa kapab pran swen tèt yo, epitou ki pa gen pèsòn pou ede yo avèk responsablite yo. APS kapab bay sèvis jesyon finansye pou kliyan ki pa kapab jere lajan yo, ansanm ak avantaj tankou Sekirite Sosyal ak avantaj veteran.
- **Pwogram Sèvis Swen Sante nan Kay (Home Care Services Program, HCSP)** otorize epi bay aksè nan anpil kalite pwogram swen sante pou anpil tan ki finanse avèk lajan Medicaid epi ki la pou ede granmoun aje kalifye yo oswa moun andikape yo rete san pwoblèm lakay yo. Pwogram Home Care gen diferan kondisyon pou kalifye, men yo tout egzije pou ou kalifye pou Medicaid.
- **Biwo pou Vyolans nan Kay (Office of Domestic Violence)** kapab bayabri annijans ak sèvis sipò pou moun ki siviv nan vyolans nan kay. Si oumenm oswa yon moun ou konnen viktim abi yon patnè oswa yon manm fanmi, tanpri rele Liy Dirèk pou Rapòte Vyolans nan Kay Vil New York 24 sou 24, 1-800-621-HOPE.
- Pwogram **Byennèt, Evalyasyon Konplè, Reyabilitasyon, ak Travay (Wellness, Comprehensive Assessment, Rehabilitation and Employment, WeCARE)** ede kliyan ki nan Èd Lajan Kach (Cash Assistance) ki gen pwoblèm medikal oswa pwoblèm sante mantal ki afekte posiblite pou yo travay rive nan nivo siperyè endepandans yo avèk travay oswa lè yo jwenn avantaj federal pou andikap.
- **Biwo Majistra pou Afè Veteran (Mayor’s Office of Veterans’ Affairs)** kapab ede konekte ou avèk resous piblik ak prive, epitou yo kapab ede ou avèk yon richès oswa resous ki la sitou pou satisfè bezwen kominote veteran ak militè yo.

POU JWENN PLIS ENFÒMASYON SOU PWOGRAM HRA, EPITOU POU JWENN ÈD, ALE SOU SITWÈB WWW.NYC.GOV/HRA OSWA RELE 311.